

Nama : _____

Kelas : 4 ____

Ragam Basa Hormat Jeung Loma

Dina pangajaran 3, hidep geus diajar ragam basa loma jeung hormat. *Ragam loma* téh nyaéta omongan jeung paripolah upama urang nyarita ka nu geus loma. Contona ka babaturan nu geus dalit. Ari *ragam hormat* nyaéta omongan jeung paripolah upama urang nyarita ka nu kudu dipihormat. Contona ka kolot, guru, saluhureun, atawa ka jalma nu kakara wawuh.

Latihan 3

Tah, ayeuna ku hidep cirian dina kalimah-kalimah di handap, mana nu kaasup ragam loma jeung hormat. Cirian ku aksara R pikeun ragam hormat, jeung aksara L pikeun ragam loma. Contona:

- ☐ L Naha atuh bet pindah?
- ☐ H Kaleresan pun bapa ngalih damelna.
- ☐ Neda gé jadi teu mirasa.
- ☐ Imas mah cicing di perumahan cenah.
- ☐ Pasti réa imah di perumahan mah.
- ☐ Upami pareng pantona muka, nu ngalangkung tiasa ningal dapur.
- ☐ Barang kaluar ti rorompok gé, langsung ningal panto bumi tatangga.
- ☐ Upami badé ibak kedah ka sumur umum.
- ☐ Barina gé saha nu rék néangan imah Édo.